



Conférence Episcopale d'Haïti CEH

Nòt Evèk Katolik yo nan peyi Dayiti Sou evenman yo ki rive nan wikenn 6 Jiyè 2018 la

Frè ak sè nou yo nan Ayiti ak toupatou,
Tout moun ki vle byen pou Ayiti ak Pèp Ayisyen an,

« **Pran kouraj! Rete fèm! Pa pè paske Bondye Gran Mèt nou an toujou avèk nou** » (Deteronòm 31, 6).

1. Nou menm Evèk Katolik nan peyi Dayiti nou salye nou tout nan non Bondye lapè ki fè youn ak Jezi Kri gran frè nou, «*li menm ki se Papa kè sansib ak tout konsolasyon ; se li tou kap konsole nou nan tout tray nou yo pou konsolasyon nou jwenn nan men l nan ka tounen konsolasyon nou pote bay lòt yo tou* » (2 Korentyen 1, 3-4).
2. Legliz Katolik nan peyi Dayiti ansanm ak tout reskonsab li yo ap swiv ak anpil atansyon sa kap pase nan peyi a depi vandredi aprèmidi 6 jiyè lè otorite Leta-a te pran desizyon pou monte pri gaz la. Depi lè sa a, nou nan yon sitiyasyon pèsonn pa tap tann. Tout peyi a bloke. Sa bay anpil soufrans, lapenn ak dlo nan je anpil kote nan peyi a.
3. Nou pa dakò ak tout kalite vyolans sa yo ki fèt sou moun ak byen yo. Sa fè nou mal anpil. Nou konnen kouman sa pran tan pou konstwi. Kraze brize, boule pa janm yon solisyon. Okontrè sa kreye plis chomaj nan peyi a ak laperèz lakay moun ki ta vle investi pou mete travay. Nou menm Legliz nou pap janm ankouraje pèsonn kap detwi lavi moun, kraze ak piye byen lòt moun ak byen Leta a ki ta dwe byen nou tout.
4. Nou voye kondòleyans ak senpati nou bay tout moun ki viktim nan evenman sa yo yon fason ou yon lòt. Nap lapriyè pou repo nanm tout moun ki jwenn lanmò nan sikonstans sa a. Nou mande tout otorite Leta nan peyi a pran reskonsablite yo. Men nou pa ka rete sou konsekans yo sèlman, fò nou gade kòz yo tou dekwa pou nou rive jwenn bon jan solisyon ki kapab mennen peyi a nan establite, nan lapè ak nan devlopman materyèl, sosyal, ekonomik, kiltirèl, moral ak espiyèl.
5. Sitiyasyon nap viv jounen jodi a se rezilta ireskonsabilite anpil moun kap gouvènen nou yo. Mezanmi fòk nou rekonèt popilasyon an ap soufri anpil depi plizyè lane. Pèp la nan mizè, li pa kapab ankò! Sa fè lontan li bezwen e li vle chanje kondisyon lap viv la. Se pou sa li vle tou yon Leta ak yon gouvènman kap tande rèl li e kap travay tout bon vre pou li.
6. Nan kafou kote nou ye a nou dwe **prese prese** aji ansanm kòm pèp pou nou deside kote nou prale. E se tout fòs viv peyi a ki dwe patisipe nan chita pale sa a. Si tout moun pa ladan l, lap vin pi difisil pou nou pran chimen devlopman ak lespwa ansanm.
7. Nou menm Evèk Katolik peyi Dayiti, nou solidè e nap toujou rete solidè ak pèp Ayisyen an nan tout moman difisil lap travèse, paske Bondye lavi nap sèvi a ap toujou mache avèk nou. Li pap janm lage nou (*Izayi 43, 2*). Ak sekou Granmèt la ki banou fòs Lespri Sen an, nou pare pou nou kontinye fè tout sa nou kapab pouede pèp la chanje kondisyon lavil. E nou pap janm tounen dèyè sou angajman saa.

8. Nou konnen kominote entènasyon la ap swiv sitiyasyon peyi a ak anpil atansyon. Li ta bon pou yo kadre akonpayman yap bay peyi a ak vrè bezwen majorite pèp kap soufri a. Nou pwofite remèsye yo pou tout èd yap pote ak pou tout efò yap fè pou Ayiti ka pran wout devlopman tout bon vre a.

9. Nou menm Evèk katolik peyi Dayiti yo nou di pèp la ak tout fòs konviksyon nou : « Nou pa bezwen pè. Nou se yon pèp Bondye renmen anpil. Anyen pa dwe fè nou pèdi kouraj » (Danyèl 10, 19). Pèp Aysyen ! Pèp vanyan ! vanjans, vyolans, divizyon pap regle anyen pou nou. Se renmen, rekonsilyasyon, lajistis, fratènite ki dwe kondi aksyon nou yo. Bondye avèk nou e lap kontinye veye sou nou ak konkou lapriyè Manman Pèpetyèl Sekou, Patwòn Peyi Dayiti.

Nòt sa a soti nan Konferans tout Evèk Katolik nan peyi Dayiti. Li piblye nan dat 09 Jyè 2018 nan syèj Konferans Evèk yo, Lilavois e tout Evèk yo siyen l.




S.E. Mgr Launay SATURNÉ
Evêque de Jacmel
Président de la CEH




S. E. Mgr. Yves Marie PEAN, csc
Évêque du Diocèse des Gonaïves




S. E. Mgr. Pierre-André DUMAS
Évêque du Diocèse de Anse-à-Veau/Miragoane
Vice-Président de la CEH




S. E. Mgr. Désiré JEAN
Évêque de Hinche




S. E. Mgr. Joseph Gontrand DECOSTE, sj
Evêque de Jérémie
Secrétaire Général de la CEH



S. E. Mgr. Quesnel ALPHONSE, smm
Evêque Emérite du Diocèse des Cayes




S.E. Mgr. Marie Erick Glandas TOUSSAINT
Evêque Auxiliaire de Port-au-Prince
Econome de la CEH



S.E. Mgr. Ducange SYLVAIN, sdb
Evêque Auxiliaire de Port-au-Prince



S. Em. Cardinal Chibly LANGLOIS
Evêque des Cayes



S. E. Pierre Antoine PAULO, omi
Évêque du Diocèse de Port de Paix



S. E. Mgr. Max Leroy Mésidor
Archevêque de Port-au-Prince